# Соколёнок

# Лачен

3/2017
май-июнь

0+

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХIУКУМАТАЛЪ КIИ-КIИ МОЦIИДАСАН ЛЪИМАЛАЗЕ БАХЪУЛЕБ ЖУРНАЛ



# МахIач Дахадаевас 135 сон т/убаялде



Нилъер бахIарзалги гьезул гьунаралги халкъалъе пайдаял ишалги нилъеца цо-цо юбилеяздагIаги ракIалде щвезарула, гьезда цере нилъго налъулал рукIин бицуна, гьезул цIарал хадусел наслабазе кьола. Гьедин, МахIачил ракьцояз – Унсоколо районалъул жамагIаталъул вакилзабазги пачалихъалъул жавабиял ишазда ругел гIадамазги щибаб соналъ Дагъистаналъул тахшагьаралъе жиндир къиматаб цIар кьурав гьев гьайбатав инсанасул, маххул нухлул вокзалалъул майданалда чодаги рекIун лъураб памятникалда цебе тIугьдул лъола, гьениб гьесул хIурматалда лъикIалщинал рагIаби абула. Гьединабго тадбир тIобитIула Буйнакск шагьаралда педколледжалда цебе, гьев живгоги вукъараб бакIалде ракIарунги. МахIачил цIар кьураб Дахадаев районалъулги ансадерилги жамагIаталъул гIадамазги щибаб соналъ цоцазухъе вацлъия-лъулаб ва гьудуллъиялъулаб гьоболлъи бала.

Бесдаллъи бихьараб, захIматаб лъимерлъи жиндирго букIиналъ, гьединабго къварилъиялда букIараб гIадатияб халкъалъе лъикIлъиялъе гIоло гIумру кьурав МахIачил ишалги, гьесул бажари-махщелги, гIакълу-лъайги, цIалулаго гьес росанщинал тIокIлъабиги гIадада хвараблъун батичIо. МахIачил цIаралда аскIоб адабалъул гуреб рагIи рекъоларо, къадруяб гуреб пикру бегьуларо.

# МАХIАЧИЛ СУРАТ




Жакъа хIурияталъул
ХIасил буго какулеб,
Квешлъи тIаса рехизе
ТIурал биялги кIочон.

КIудияб къеркьеялъул
Къимат буго хисулеб,
Хвезе унел ракIазда
БукIараб бицинчIого.

Бице, нилъер МахIачил
ХIурияталъул мурад,
Мунагь букIунеб жойищ
ЖамгIияб анищалда?!

Гьес гурищ ахIи бараб
Авлахъалгун хъутаби,
ХъантIаразухъ течIого,
Тартибалде рачеян.

МахIач гурищ кIалъарав
КIудияб Каспийралъад
Цоясул абичIого,
Нилъерин абейилан.

Гьадал рорхатал мугIрул
ГIаммаллъун гьарейилан,
Гьал гиназазул рохьал
Киназего тейилан.

МахIач хIуриятaлде
ХIасратаб хьулгун щвана,
Ращалъи, эркенлъиян
АхIулаго вачIана.

ЧIвана ахир бидулаз,
Бечелъи хирияца,
Халкъалъул вас камуна
Кинабго улкаялъе.

Амма гьев мазгаралъул
Чода рекIун вуссана,
Напс кквечIого, халкъ ккурав
Хвезе рес букIунаро.

Нилъехъ балагьун буго
БахIарав гьесул сурат –
ГIолохъанаб анищгун,
Нилъерго гIадаб хьулгун...

# 2017 сон – тIабигIат цIуниялъул сон

Иццал чороклъани, чундул гlодила,
Гlорал чамгlаллъани, ччугlби унтила,
Хурул нигlматаца гlажал щущала,
Гlарцуе бекьаралъ гlалам бецила.
Балагьалъул хурзал лъилъунгутlила,
Лъикlлъиялъ хьани хьон гlумрудул хуриб.
Талихlалъул ригьзал чlунтунгутlила,
Чlагоял къасдаца къадал рорхани.
Унтараб тlабигlат сахлъизабизе
Гlицlго Дуда кlвела, Гlадамил Лъимер,
Угьдулеб дуниял хвасар гьабизе
Сабаб дуда лъала, лъай тlокlав Инсан!

У! ГIадамаз жидецаго чорок гьарула иццалги, гIоралги, лъаралги, ралъадалги… ГIицIго берда цебеса хьвазелъун, нилъерго азбар тун къватIибеги босун, цебе ккаралъубе кьищни-къулги, фабрик – заводазул загьруял хутIелалги раялъ сверухъ бугеб тIабигIатги, гIодоб ракьги, тIад гьаваги чорок гьабула. Гьедин чороклъараб гьава ургьибе цIаялъги, заралияб къатIра гъорлъе ккараб лъим гьекъеялъги, кьалбакье гъая ккараб гъотIол пихъалъги, жибго унтараб чIахI – хералъги ккезабураб гIузру-ялъ чорхолъе кьибил биччан хехго тIибитIизабула гIумру къокъ гьабулеб унти, хвезабула тIолабго чIаголъи. Гьеб ккола кIудияб такъсирчилъи гьабилъун, чIахIиял гьалатIал ри-ччайлъун, кинабго рухI бугебщиналъе зарал гьабилъун, хIасил – калам, ургъунго, лъалебги букIаго жиндаго тIаде хIакъ босилъун. Лъалаго гьабураб квешлъи гурищ кколеб бищунго кIудияб мунагьлъунги?

Гьелъул гIаксалда, щивав инсанас жиндаго бажарараб къадаралда тIабигIатги, жиндаго сверухъ бакIги цIунани, хвалдаса хвасар гьабизе ва гIумру халатаблъун лъугьинабизе кIвелародай нилъеда Эбелаб Ракьги Ракьул гьумералда бугебщинаб чIаголъиги?

Гьединлъидал, исана – 2017 сон гуребги, щибаб сон лъугьинабизе ккелародай тIабигIат цIуниялъул сонлъун: рухIчIаголъабиги, гъветIхерги, бищунго цебе ГIадан-инсанги кинабниги чороклъи-унтиялдаса, лъалаго нилъецаго тIаде бачунеб балагьалдаса цIунизе рес бугеблъун? Гьелъго гьарилародай нилъги нилъер хадусел наслабиги талихIаллъун, гIамал берциналлъун ва лъикIлъиги пайдаял ишалги гIемер гьаризе гьира бугеллъун?!

Нилъ киназего тавпикъги къуватги кьеги гьединаллъун лъугьине, баркалаги кириги гIемерлъуледухъ хьвадизе, баракатги берцинал лъалкIалги Дунялда толеллъун ратизе!







ЦIада росдал «ГьитIинаб къункъра» лъималазул ахикьа школалде ине къачIарал тIанчIазе сайгъат – «Дир гьайбатаб Алипбаялда» тIадхъваял:

* * *

Воре, гIадамал-чагIи,
Гьаб тIехьги дир саламги
Саламатав бахIарчи –
ИманшапигIихъе кье!

«Алипбаялде» къулун,
Гьев цIалдолеб къоялда
КъвекIаб цIум гIолеб бугин
Бохун, хинлъила ЦIада!

* * *

Узлипатил кечI бугеб
«Алипба» гьелъий кьезе,
Гьей цIехон лъагIел ана,
Ахир-къадги ятана!

Нух битIаги, хазина,
Хиралъаги дуй школа!
«Щуйил» абураб къимат
Къойил щваги, Узлипат!

* * *

Асмайин ахIулелъул
Авар мацI чIаголъула,
ЧIаго таги, дир дарман,
Мунги дур дуниялги!

Дунялалда цIар араб
ЦIада кунчIарай Асма!
«Алипбаха» букIараб,
Духъе бокьун гIодилеб!

***

Дир гьитIинав бахIарчи
Бачея квер, ХIажияв!
ХIежалъул микки гIадав,
ГIамал жиндир берцинав!

Бихьинаб магIарул мацI
ЩIумазгиха бицунеб, -
ЦIадаса гьитIинаб цIум,
Мая дуйги «Алипба»!

***

Дур цIаралъул берцинлъи,
БурутI гIадай Асият!
Дур беразул цIодорлъи,
ЦIадаса маулхIаят!

Маха дуйги «Алипба»,
Авар мацI хиралъизе!
Эхеде кверги битIун,
Расулил кечI цIализе!

* * *

ПатIимат! Дир гьитIинай,
Гьими берцинай дарман!
Мун Аллагьас цIунаяй,
Мая дуйго «Алипба!»

Абги хIалае ахIун,
ХIамзатгун Расул цIале!
ЦIодорай росуцоялъ
Гьезул хIал бохизабе!

* * *

Рашид! Воре, бахIарчи,
Бачея квер, мая тIехь,
ТIоцебесеб сентябралъ
Дуе нухбитIиялъе!

Рашид, гIамал берцинав,
Берцинлъаги дур гIумру!
ГIемерлъаги щуйилал,
ТалихIалъ цIеги берал!

* * *

Дир гьитIинай Сумая,
Ма дуего «Алипба»!
Дуеги жиб бокьани,
КигIандай аб бохила.

Берал берцин, цIар гьуин,
Гьуинлъаги дуй цIали!
ЦIадаса гьитIинаб тIегь,
ТIогьол цIеги дур гIумру!

* * *

ЦIар берцинав МухIамад,
Ма дуеги «Алипба»,
Эв вугев цIакъав васин
РагIун букIана ЦIада.

ЦIодорав дур беразда,
Рохел гуреб, лъагеги!
Лъабил  лъанго щай дуе,
Щуйилаз чванта цIеги!

* * *

ПатIимат цойги йигин
Абуна ЦIада ахикь,
Ахбазан кваналелъул
Дагьайги берцинлъулей.

Гьеб гургинаб бакъалъе
Кье, ясал, дир «Алипба»,
Аллагьас цIунагиха
ПатIиматил дуниял!

* * *

Баче квер, ИманшапигI,
Ма дуеги «Алипба»,
Берал талихIалъ цIеяв,
ЦIалеха, цIодорав вас!

Воре, гьитIинаб кьегIер,
Рахьдал мацI кIочон тоге!
Нилъерго Расулил мацI
ЧIаго букIин лъазабе!

* * *

Балагьеха, гIадамал,
Маликатил берцинлъи!
Берал рохалилги цIун,
ЦIализе хIадурлъулей!

ХIарпазул дунялалда
Дагьайги цIодорлъаяй,
Рахьдал мацI гьуинлъаги
Гьуинай Маликатий!

* * *

Баракатаб цIаралъул,
ЦIодораб гьумералъул,
ГьитIинаб бакъ гIадинай
Марьям рагIула ЦIада.

Рахьдал мацI бокьулей гьей
Йокьарай куцха дие!
Воре, гIадамал-чагIи,
Гьаб тIехь кье Марьямие!

* * *

ЦIадаса ГIабдулагьил
Рукъ кибдай бугеб, лъимал?!
Лъим гIадин, магIарул мацI
Лъалеб рагIула гьесда!

Ватана! Гьале, дарман,
Духъ урхъараб «Алипба!»
Гьаб цIалидал, дагьавги
ЦIодорлъаги, хазина!




# ВаранихIинчI

ХIанчIазда гьоркьоб бищунго кIудиябги гучабги, кутак цIикIкIараб букIаниги гьеб хIанчIил тIанчIи рукIуна хIетрасгIан хIеренал хIулабаз рацарал. Гьединлъидал, гьеб кIодочида кIоларо кIиго-лъабго метралъул борхалъудасанцин боржине. КIоларо куркьбазул кумекалдалъун гьаваялде бахинеги. Амма хIанчIини щайгурин, чIахIи-чIахIиял хIайваналцин урхъизе бегьулел гьунаралги кьун ругелха варанихIанчIие тIабигIаталъ. Цо босани, гьелъул борхалъи бахуна кIиго метрагун 70 сантиметралде. Гьединлъидал, битIараб авлахъалда гIумру гьабулеб гьеб хIанчIида цIакъ рикIкIаде бихьула. Гьелде тIадеги тIабигIаталъ варанихIанчIие кьун руго цIакъго цIодорал бералги. Гьелъго батила авлахъалъул жайранал варанихIанчIида аскIор чIолел. Жиндиего хIинкъи цIикIкIараб жанавар варанихIанчIида хехго бихьула ва гьелъ жиндиего цIодорлъи гьабула. Гьелъ гьабураб такрар гьабула чорхокъал жайраназги. ХIинкъи гьечIеб бакIалдаги рахчун, гьез жалго балагьалдаса хвасар гьарула.

ЦIакъго рорхатал ва къуватал бохдузул кумекалдалъун гьеб хIинчI бекерула 70-75 км. сагIаталъеги толаго. Гьединлъидал чуязда рекIарал чанахъабазецин бигьалъуларо гьеб кквезе. ВаранихIанчIил, хIатIазда кIи-кIи гурони малъ гьечIо. Гьединал хIатIазул хIанчIи ракьалдаго тIокIал гьечIо.

Бекеризего гIадин, кIанцIизеги цIакъаб буго варанихIинчI. Гьеб кIанцIула 3,5-4 метр борхалъи бугеб къеда тIасан. Бекерулеб мехалъ, гьелъ тIамулеб цо-цо галул манзилалъул халалъиийин абуни 4-5 метралде бахуна. Гьедин букIаниги, гIемерал тушбаби руго варанихIанчIилги. ЦIакъго къиматаб хIули щвезелъун, хIалхьиги тун, хадур лъугьуна чанахъаби. Гье-лъул ханал рикъула чакъалаз, чудказ ва цоги гьеду-хIинчIалъ. Гозоя-лъул кумекалдалъун чудкида кIоларо варанихIанчIил хоно бекизе. Гьелъго батила чудкица хIилла ургъулебги.

Ханазул цIураб варанихIанчIил бусен батидал, кIалдиб гамачIги ккун, чудук гьаваялде бахуна. Борхалъудасан гамачI бортизе биччала варанихIанчIил бусаде. Нагагь гамачI бусаде ккечIони, яги, кканиги, ханал рекичIони, гьелъ мурад тIубазегIан рехула ханазде ганчIал. Цинги рекун хадур хапчIула гьел бусадаги рештIун.

Гьел бищунго чIахIиял хIанчIазул цIайи цIикIкIуна 70 килограммалдасаги. Ханаздацин бахъула 2 килограмм цIаялъул ва 15 сантиметр букIуна гьезул кIодолъиялда.

Нилъер заманалда гIицIго югалъулаб Африкаялда гурони гьечIел гьел хIикматал хIанчIаз некIо гIумру гьабулеб букIана ГIагараб бакъбаккул улкабазда, Гьоркьохъеб Азиялда, Казахстаналда ва Украиналда. ГIалимзабаз бихьизабулеб буго нилъер эраялъул I-II веказда китаялдацин рукIанин варанихIанчIи.

Ункъо-щуго цIуяб варанихIанчIида цадахъ цо-цо бихьинабги букIуна. КIудияб къукъаби къанагIат гурони дандчIваларо. Аслияб гьезул квенлъун ккола чIахI-хер. Инкар гьабуларо кьинчIборхьил, хIанчIазул, хIутIхъумуралъул гьанадасаги. Чанго къоялъ лъим щвечIониги щибго ургъел букIунаро гьезие.

Амма щун хадуб гьекъон кепги босула.

Цо хвараб варанихIанчIил кванирукъалда жанир ратун руго ганчIал, сали, магIал, чIартал ва цоги гIемерал батIи-батIиял жал. Гьелъ нугIлъи гьабулеб буго гьеб хIанчIил кванирукъ къвакIараб букIиналъе.

БихьинабварanихIанчIица салулъ бусен гьабула. Гьенир цIуяз ханал лъола ва кIикъого къоялъ иргадал къурщидаги чIун тIанчIи рахъула.



# АхIмад ХIамзатов



## Кверал

Квер буго инсанасул
Аслияб хIалтIул лага,
Элда махщел бугони,
Меседилан абула.

Рагьани – хъат, къани – зар, -
Къимат тIокIал гьал килщал,
ТIолго гIумру гIуцIизе
ГIадамазе кьун ругел.

## Кваранквер



Гьаб квер – кваранквер,
Вакъарасе квен кьолеб:
Гьаб квер – кваранквер,
Къечарасе лъим кьолеб;
Гьаб квер – кваранквер,
Вугьарасе цIа кьолеб;
ЦIакъаб квер, лъикIаб квер
ЛъикIлъи гIемер гьабулеб.



# МагIаруллъи

МагIарда гIиги буго,
ГIияда вехьги вуго;
ГIидраялда тIегь буго,
ТIогьода наял руго.

ТIад сверулеб цIум буго, -
ЦIодорго рукIа, кьагIи!
Кьурда хъергъу чIун буго, -
ЧIороло, мун тохлъуге!

ЧIор битIараб цер буго
Цо щобилъан щинкIулеб.
Щуго гIанкIитIинчI буго
ТIалуда гъоркь, тIепун чIун.

ТIадбитIун парпадулеб
Гьоролгвенд бихьулярищ?
Гьоркьо-гьоркьоб гIансахIинчI
ГIодилеб рагIуларищ?

РоцIараб зобги буго,
БухIун щвараб бакъ буго;
БацIцIадаб гьава буго –
Гьале дир рекIел алжан.

Гьал цIорорал иццалги,
Азаркьерал тIугьдулги,
ТIогьиб гIазу биинчIел,
ГIурччинлъарал мугIрулги.



# Шагьаралда гІунити магІарул мацІ бокьулев



МухІамадов ТІинамухІамад ккола ЧІарада районалъул ЦІулда росулъа. ЦІалулев вуго МахІачхъалаялъул II гимназиялда 8 классалда. ТІинамухІамадие бокьула авар мацІ, гІахьаллъула школалда тІоритІулел миллиял мацІазул байрамазда. Гьесул кІудияб махщел буго кучІдул пасихІго рикІкІинеги. Шагьаралъул школалъул лъималазда гьоркьор тІоритІулел кучІдул рикІкІиналъул къецазда кидаго ккола цересел бакІал. Масала, 2016 соналда тІобитІараб «ХъахІал къункъраби» байрамалда гьесие щвана лъабабилеб бакІ. Гьединго ТІинамухІамадил махщел буго авар мацІалда сочинениял хъвазе. Араб соналда гІахьаллъана «Рахьдал мацІазе – кІиабилеб рухІ» абураб республикаялъул конкурсалда. Гьесул сочинение магІарул мацІалда хъварал сочинениязда гьоркьоб бищун лъикІаблъун рикІкІана. ТІинамухІамадие бокьула жиндирго гьитІинаб ВатІан – росуги. Школалда тІобитІараб конкурсалда гьес росдал хІакъалъулъ хІадурараб альбомалда бицунеб букІана гІагараб районалъулги росдал тарихалъул. Гьеб рикІкІана бищун лъикІаблъун. Гьев гІахьаллъула авар мацІалъул ва адабияталъул олимпиадабаздаги. Масала, араб соналъул авар адабияталъул Олимпиадаялда гьесие щвана лъабабилеб бакІ. Кьурдизеги махщел буго гьесул.



ДИПЛОМ
III СТЕПЕНЬ
Награждается
Магомедов Титинмагомед
Ученик 8 класса Гимназии №11
Призер
городского конкурса «Белые журавли» в номинации
«Чтение стихов на национальных языках»
Начальник
Управления образования
Махачкала 2016 г.

ТІинамухІамад ккола гимназиялда цебе бугеб «Нур» эстетикияб централъул кьурдул ансамблялъул кьурдухъан.

Авар мацІалда кучІдул гьаризеги хІалбихьула ТІинамухІамадица.



МагІарул
миллиябгун маданияб автономия
Авар мацІалъул мугІалимзабазул цолъи
Баркаламалъул кагъат
МагІарул миллиябгун маданияб автономиялъул Авар мацІалъул мугІалимзабазул цолъиялъ кІудияб баркала кьолеб буго
авар мацІ лъазабизе
бахъулеб бугеб хІаракаталъухъ,
рахьдал мацІалде бугеб рокьиялъухъ
ва мисалияб хъвада-чІвадиялъухъ.
МагІарул миллиябгун маданияб автономиялъул
Авар мацІалъул
Ш. М. ХІапизов

ГІагараб авар мацІ, дир дару-дарман,
Гьекъон къеч хьвалареб лъимерлъидул иц.
Мун дир гІумруялъул гвангъараб чирахъ,
Мун дир кинидахъкечІ, дир къисмат, дир рухІ.

ТІоцебе магІарул мацІалъ ахІана
Дуниялалда бищун хирияб рагІи.
Эбелалъул рахьгун дихъе щвараб бакъ,
ГІагараб авар мацІ, даимлъаги мун.

*МахІачхъалаялъул II гимназиялъул авар мацІалъул мугІалим Майндурова Шамсият*

# Гьудуллъиялъул адабият

Анварбек Култаев

## Гьудуллъи



Дие гьудуллъи гIадаб
РагIи гьечIо къиматаб,
Жиндир цIаялъ хинлъулеб,
Жиндир рухIалъ вухIулеб.

Гьудулзаби дир гIемер, -
Дун гьезул хьолбохъ чIола.
Диде къоккараб къоялъ
Гьелги нахъа ратула.

Нижер гьудуллъи — вацлъи, -
Эльбрус мегIералъул тIогь,
Гьелъул гIазугIан хъахIаб
ХъахIилзобгIан роцIцIараб.

Цоцазе ракIал рагьун,
Аварагзаби гIадин,
Гьаб гIурудул бахIсалда
РукIуна ниж мех-мехалъ.

Щивасул жиндир пикру,
Киназулго цо мурад, —
ВатIаналъе гуч, къуват,
Халкъалъе талихI, рохел.

Къваридаб къо бачIанищ,
Дир нух — гьудулзабахъе,
Гьезул хинлъи чIварабго
РекIел ругъун сахлъула.

Гьудулзаби дир гIемер, -
Дун гьезул хьолбохъ чIола.
Диде къоккараб мехалъ
Гьелги нахъа ратула.

Шагьвелед Шагьмарданов

# Наязул сухъмахъ

(ХАБАР)

—Нухдаса нахъе вилъа! — ян рагІулеб букІана чІужугІаданалъ борхатаб гьаракьалъ ахІулеб. Щивдайха нухдаса нахъе гъолев вугев? — абун хІисаб гьабуна, дирго гьоралъул тІохда вахъунчІун вугев дица. Довегьаниве вуссине дие заманго гІечІо, кьотІноб машинаялъул яги гьакибералда гъоркье, яги гІедегІун рачІунел гІачиязулги бугъбузулги хІатІакье ккеладай лъимер абураб ургъалилъеги ккун. Кибго щибго бихьулеб букІинчІониги, гьединго дида ургъел чІван букІана, гьабсагІат кибалиго щибалиго ккезе бегьулеб гІадин. Гьебмехалъ дида рагІизе лъугьана цо гІажаибаб зузуй. Амма гьеб букІинчІо я машинаялъул яги цоги сундулниги хъуялда релълъараб сас.

«Лъоба бихьулареб борхалъудасан боржунеб самолет батизе ккола» абун хІисаб гьабуна дица, гьоркьоса кьотІичІого гьеб сас рагІулеб букІиналъ. Цого бакІалда чІун самолет хъудизеги рес букІинчІо. Гьебгощинаб мех дир бетІералда тІад боржанхъилаго гьелъ базе рес букІинчІо. Дун эхеде ворхана, июналъул роцІцІараб зодихъе балагьана. Хасго риидалил радалгІужалъ зодил хІикматго бацІцІалъи. Гьениб самолеталъ нахъа тараб кІкІуйдул мухъги бихьулеб букІинчІо. ГІицІго росдада тІад свери бахъулеб кІиго цІум бугоан. Састун роржанхъулел гьезулги гьадаб рагъул самолеталъул гІадаб сас букІине рес букІинчІо. Зузуйин абуни дагьабги цІикІкІунеб букІана. Нахъеги дойго гІаданалъул гьаракь рагІана: «Ле, дудайин дун… ГамачІ гІадин, балагьун чІечІого, нухдаса нахъе вилъаян гурищ дун…» цо ТалихІкъосараб иш ккун батилеб гІадин, дун нахъеги тІохдаса гІодове — кьотІнове балагьана. Гъоркье вортиларедухъ, халгьабуна щивдай гьенив нухдаса нахъе ине кколеван. Дида гьанжеги щивго вихьулев вукІинчІо. Амма дойго гІаданалъул рахІатхвараб гьаракь нахъеги такрарлъулеб букІана: «Ле, дир гІолохъанав мадугьал! У, у, ле, дудайин дун кІалъалей йигей! ХъахІал кьотІалабиги ругеб, хъахІилаб гурдеги ретІарав, дудаха дун гарагалей йигей! Нахъе а наязул сухъмахъалдаса. Гьабуге гьезие хІалтІизе квалквал!.. Сверухъ балагьарав дида, рагъидасан яккун, хьвагІезабулаго бетІергун ахІдолей, ГІусманил эбел халлъана:

—У, у, дуда йиго дун… Чиясда бачІинахъего бичІчІичІого букІине бегьула, лъидехун кІалъалел ругелали. ГьадигІан гІемер дун ахІдолелъул, сверухъ цониги чиги гьечІелъул, гьедигІан гІинтІамичІогоги кин гІадамасда чІезе кІолеб? — абун, нечеялъ багІарлъиледухъ, жиндирго къагІидаялъ ахІана гьелъ.

—Дун нухда гурогури вугев, РахІиматада… Дун тІохдалъидал вугев…

– Мунали тIохда вугин, дир наязул сухъмахъин абуни, битIахъе дур тIохдасанлъидал бугеб. Дуца гъезие хIалтIизе квалквал гъабулеб бугоха, ле, – абун, рахIатхун абулеб букIана гъелъ.

Щайха дидаги рихьичIел, гъелъул рагъида иргадал сокIкIарал найил тIулби. Дида жеги цIикIкIун рагIизе лъугьана гъадабго зузуй. ГIебеде битIараб кверзул манзилалъ аскIосан, цоял – авалахъалде, цогиял – нахъруссун жидерго тIулбузухъе роржунел наял дида гьанжего-гьанже халлъана. Гьезул рорженалъулги тартиб бихьун, гIажаиблъун хутIана дун. Авлахъалде роржун унел бигьаго, тIадагьго унел рукIинги, тIадруссун рачIунел, баччараб бакIлъиялъищали, кIвахIалго, дагьабги цIакъ хъуй-зуялда, «ИЛ» самолетал гIадин, хIинцго рачIунел рихьулаан. ТIогьол лъинцIо босун руссунелги, гьеб босизе унелги наязул кIиябго мухъин абуни, рагьун лъураб тIехьалдаса гIебаб гьечIилан ккола-ан. Амма цояз цоязе квалквалниги гьабун, цоцалъ журанниги, мекъи кколел рукIинчIо наял. Гьелъул гIаксалда, гIадлу-низамалда, гуцIакъаялда ругоан. Дица гIемер мехалъ халккуна гьезда хадуб, цоялъниги гIадлу хвараб роржен гьабулищан. Амма дир щаклъи гIададисеб батана. Наязул гьеб кIудияб аскар кIвахIтун хIалтIулеб бугоан. Гьезда бичIчIулеб батизе ккола «риидалил къоялъ хасел хьихьулеблъи». Гьезул захIматаб, гьебго заманалда пайдаяб хIалтIуда хадуб халккурав дида ракIалде ккана: «Гьаб букIине ккола доб унго-унгояб, авлахъалдеги, тIулбузухъеги лъураб наязул сухъмахъ. Гьезул захIмат хиралъиги, жидедаго гьоркьоб цIунун бугеб гIадлу-низамги! Гьездаса босизе ккела мисал...» абун.

Гьел куркьбал ругел хIалтIухъабазухъ балагьун дун чIанщинаб мехалъ цониги найил гъалатIккей дида халлъичIо.

У, тIабигIат ккола гIумруялъул даимаб гIелму! Гьел дарсал нилъеца гIумрухаласа гIадахъ росизеги ккола.



# БицанкIаби

## Бице, лъимал



* * *

Ихдалил моцIалъ хIалтIун,
МатIу гIадин кенчIолеб,
ХутIараб мехалъ кьижун,
Кьавуги чIван букIунеб.

* * *

ХIурулъ чвердон черх бацIцIунел,
Чабах кванан квен бигьунел;
Кодор тIирун тIилал кведал,
ТIагIамалда макьу щолел.

* * *

Дунялалъул кьерал лъазе,
Кьурулъ чIарал чIенкераби,
Кьижулелъул тIалъел къалел,
ТIину гьечIел гьитIин хIорал.

* * *

КIул кьурун, цIорораб ракI,
ЦIаги бакун, боркьулеб,
Бокьаралъуй бачине,
Чол бакIалда хIалтIулеб,
ХIатIал гьорол цIечIого,
Гьирихъ жиб билълъунареб,
Бачунев чи кьижани,
Кьурса гъоркье кIанцIулеб.

* * *

КIутIби рагьун гьакIкIачIого,
Бакъан биччан, ракI чучулеб,
Лъеда гъоркьги гьира-цIагун
ЦIакъ кепалда кечI ахIулеб.

* * *

Хасалил ццидал гъалай,
Гъапуллъараб лълъел квасквас,
ГъутIбузул хъахIаб юргъан,
Хъатикь чапулеб чакар.

* * *

Катил бетIер тIад лъураб,
ТIом хIулиялъ бахчараб,
Бакъалда жиб беццлъулеб,
БецIаб сардил чанахъан;
ГIункIкIаздаса мегъ цIунун,
Мухь гьечIого хIалтIулеб,
Пайда цIикIкIараб цIодор,
ЦIар абун, бице, лъимал.




# Зодил ганчIал

Зодил ганчIалилан абула ракьалда ратулел метиориталъул кесказде. ГIелмуялъул кумекалдалъун гьел «зодил ганчIазул» цIехрехги хIалбихьиялги гьариялъ квербакъула космосалда кколел лъугьа - бахъинал лъазе, гьезул балъголъаби нилъее загьирлъизе.

Жакъа къоялде щвезегIан гIалимзабазухъе щун буго кинабниги 3000 цIикIкIун батIи-батIияб метеориталъул ганчIал. Гьезул химическияб гIуцIиялъулгун физическияб хIалалъул хал-шал гьабидал, баянлъана космосалдаса рачIарал «гьалбалги» ракьалда ругелго гIадинал химическиял элементаздасан гIуцIарал рукIин. Нилъеда лъалареб цониги батIияб химическияб элемент метеоритазулъ батун гьечIо. Гьеб хIужаялъ нугIлъи гьабула ракьалда рижараздаса батIиял жал нилъер Бакъул системаялда гьечIолъиялъе.

Метеоритал рикьула лъабиде: ганчIил, маххул, маххгун гамачI жубан лъугьарал. ГIемерисел (90% ) ккола ганчIил метеоритал.

Зодиса рортарал ганчIазе бетIер къулулаан анкьумумузул заманалдаго. Аллагьасул хIалкIолъиялъ инсанасул квешал ишазда ццин бахъун гьев кантIизавизе, яги гьесул лъикIаб гIамал бихьун баракаталъе рортулин гьелин кколаан нилъер умумузда.

Макка шагьаралъул бакьулъ КагIбарукъалъул къелълъ лъун буго жакъаги дунялалъул миллион бусурбабаз хIеж борхизе щведал жидеего баракаталъе квер хъвалеб «зодил гамачI». Щивав хIажичияс хIаракат бахъула гьеб ганчIида аскIове щвезе. ГIадамал гIемерлъиялъ гьелъухъе гIагарлъизе кIолеб гьечIони, нус-нус, аза - азар чияс квер битIула КагIба сверун свериги бахъулаго гьеб бугеб рахъалде. Гьарула жидер мунагьал чурагиян, чорхолъа унти агиян, рекIелъа иман-исламалъул нурги канлъиги камун хутIугегиян.





# БИЩУНГО МАШГЬУРАЛ МЕТЕОРИТАЛ

Бищунго кIудияб маххул метеорит батана 1920 соналъ Африкаялда буге Намибия абураб пачалихъалъул ракьалда. 60 тонна цIайи бугеб, метроялъ биццатаб гьелъул халалъиялда батана 3 метра, гIеблъиялдаги батана гьедигIанго. Гьаваялдаса бортун гIодоб речIчIараб гьеб ракьулъе 15 метралъул гъварилъуде ун батана.

ГIемерисел метеоритал ракьалда тункидал кутакаб кьвагьиги бахъун, щущан уна. Гьединаб кьвагьи бахъараб бакIалда кIудияб гванда лъугьуна. Гьелдеги кратеран абула. Бищунго машгьурлъи щвана Америкаялъул Аризона штаталда батараб, жиндир гIеблъиялда 1200 метр, гъварилъиялда 175 метр бугеб кратералъе. Гьеб кратералъ 5000 сон бан бугилан чIезабуна гIалимзабаз. Дунялалда батун буго жеги 115 гьединаб кратер. Гьезул цо-цоял хIоразде сверунцин руго.

Цо-цо метеоритал ракьалде щвелалде гьаваялдаго кьвагьун щущала. Абула гьеб мехалъ метеоритазул цIад балилан. Нус-нус, аза-азар кесек бортула цого заманалда ракьалда тIаде. 1947 соналъ бортараб гьединаб метеориталъул жидер киназдаго 100 тонна цIайи бугеб 6000 кесек щущана 50 квадратияб километралда. Метеориталдаса тIураб бищунго кIудиявлъун рикIкIунеб цо кесекалда батун буго 1745 кг, бищунго гьитIиналдайин абуни 0,01 грамм.

# ТУНГУСАЛЪУЛ МЕТЕОРИТ

Киналниги рагIарал метеоритаздасан бищунго кIудияблъун рикIкIуна Сибиралде бортараб Тунгусалъул метеорит. 70 километр секундалъеги толаго бортун бачIараб миллион тонна бугеб гьеб ракьалда тункуна 1908 соналъул 30 июналда. Цин ракьалда тункараб гьеб кIодоч торгIо кинигин гьаваялде кIанцIун ана. Цинги чамалиго километралъ ракьалда тIасан боржунаго лъикIалан манзил нахъа тараб мехалъ цIидасан ракьалдеги бортун, паркъалдаса ун кIудияб кьвагьиги бахъун, бихъ-бихъун, щущан тIагIана. Нус-нус километралъ сверухъе багъарана доб къоялъ Сибиралда ракь. Азарго километралъ рикIкIаде рагIана метеорит кьвагьун бахъараб гьаракь. Бищунго хIикмалъи гьабизе ккараб жо буго нус-нус километралъ сверухъе рохьги гъуризабураб, ракьги багъаризабураб метеорит кьвагьараб мехалъ гьелдаса тIураб цониги кесек кигIан балагьаниги кодобе щвезе кIвечIолъи.

Кидаго ракьалъеги ракьалда рижарал гIадамазеги кIудияб хIинкъи букIана ракIалдаго гьечIого тIаде рортун рачIунел метеоритазул. Амма ахираб заманалда гIелму цебетIеялъул хIасилалда гьанжесел гIалилмзабазе рес буго щибаб метеориталда хадуб халги ккун, кида ва щиб бакIалде гьеб бортизе бугебали лъазабизе. Нагагьлъун нилъее зарал кколеб метеорит ракьалде гIагарлъулеб бугони, данде ракеталги риччан атомалъул бомбабаз космосалдаго кигIан кIудиябги метеорит щущазабизе гIураб къуватги буго жакъа инсанас ургъун. Гьединлъидал, нилъер заманалъул гIадамазе гьездасан кинабгIаги хIинкъиги гьечIо.



# Къокъал жарбал

## ГІАДАЛАВ ГЬУДУЛАСДАСА ТУШМАН ЛЪИКІАВ

Циги чиги цоцазе цІакъ рокьулел рукІун руго. Цица чи сундасанго цІунулев вукІун вуго. Гьесда аскІобе рухІчІагояб жо къазе биччалеб букІун гьечІо.

Цо нухалда чи кьижун вуго, ци, жиндирго гІадаталда, хъаравуллъуда букІун буго. ТІутІ рещтІун буго чиясул надалда. Ццин бахъараб цица кьабураб хъаталъ тІутІги хун буго, чиги хун вуго.

## ГІАЖАЛ ЛЪАЛА ГАНЧІИДА

МагІарулазул гІадат буго, жал мурадалде щолищали бихьизе, «бичч-бакъ» рехулеб.

Алмасил МухІумицаги рехун буго «бичч-бакъ», амма, чанцІул реханиги, гьесул анищалда рекъон ккун гьечІо эхеде рехараб гамачІ. Цинги Алмасилас гамачІ, гьадал рагІабиги абун, хьуризабун буго.

## ГІЕЛМУЯЛЪУЛ БЕТІЕР – ГІАКЪЛУ ГІАКЪЛУЯЛЪУЛ БЕТІЕР – САБРУ

Цо гІолилав ун вукІаравила рикІкІадаб улкаялде цІализе. ЦІалун вачІунаго, щваравила цо херав чиясда аскІове. Гьикъарабила херав чияс:

– ГІелму щварабищ дуе, гьудул?

– Щвана, цІалун вахъана.

– ГІелмуялъул бетІер щибха?

– Лъаларо.

– Лъалареб батани, – ян абун буго херас, – мун дагьавги цІализе ккола.

Нахъвуссун вуго. Гьанжеса жиндирго устарасдасан гьасда лъан буго гІелмуялъул бетІер щибали.

ГІолилав гьанжеги вачІун вуго кІудияв чиясухъе.

– Щиб ккараб? Лъарабищ гІелмуялъул бетІер щибали? – ян гьикъун буго кІудияв чияс.

– ГІелмуялъул бетІер гІакълу буго, – ян жаваба кьун буго гІолилас.

– БитІун буго. Элъулги бетІер щибха? – ян гьикъун буго херас.

– Лъаларо, – ян жаваб кьун буго нахъойги гІолилас.

КІудияв чияс гІолохъанчи нахъвуссинавун вуго: «ГІелмуялъул бетІер гІакълу буго, гІакълуялъул бетІер сабру буго, сабруялъул бетІер пикру буго», – ян жаваб кьезегІан.



Патимат Габдурахманова

# ХIалихьатаб хIама



Дарсалги лъугIун, школалдаса рокъове щварав Мурадида, рокъор инсуда цадахъ квана-гьекъолел чагIи ратана. Вакъун вукIаниги, гьалбадерие кваназе квалквал ккезе гурилан, гьас ретIел хисизе цояб рокъобе нуцIа рагьана. РетIелги хисун, лъималгун торгIо хIазе гьоцIиве ине хIадурлъарав Мурадида, гьасул цIар ахIулеб инсул гьаракь рагIана. Цо гIемер гьираго гьечIого, гьав инсуда аскIове вилълъана.

– Ма гIарацги, цо килькаялъул банка босизе тукаде а, – ян абуна инсуца.

Росу рагIалда, тукен бугеб рахъалдехун валагьун унев вукIарав Мурадида данде бекерун бачIунеб хIама бихьана. ХIамида хадувги гIунтIуларого, ахIи-хIуралда, хIамидеги хьандолаго екерун ячIуней йикIана мадугьалихъа херай чIужу Шамсиятги.

ГIадан-чи гьечIеб росу рагIалда Мурад вихьидал, гьей гьесде ахIдана:

– Вай, дир вас, кумек гьабе дие гьаб хIалихьат кквезе, рохьдолъа лъутун борчIун буго! – ян.

Мурад, аскIосан хIурги бахъинабун, бекерун унеб, хIамида хадув векерана. Цебе хIама, хадув Мурад, рекерулел рукIана гьел росу къотIун. Циндаго хIама цо тIокъоде кIанцIана, хадув гIунтIана Мурадги. ТIокъо букIана къваридаб.

– Гьанже щвана гури мун дихъе! – ян абулаго, габур кквезе бокьун букIана Мурадие хIамил. Циндаго хIамица рарал малаз гьев гIодов ккезавуна, гьеб жибгоги къватIибе борчIун ана.

Мурад хехго тIаде вахъана. Унтулеб бакI щибго букIинчIо. Гьев нахъойги хIамида хадув векерана. ХIама, Мурад вихьидал, гьалаглъараб жо гIадин, цо борхатаб къедаса гьоркье, чияр ахикье кIанцIана ва гьелдаго хадув Мурадги кIанцIана.

ГьутIбуз квалквал гьабулеб букIана хIама кквезе. Гьеб, шайтIан гIадин, цо гьотIода нахъаса билун ун, цоги гьотIоде аскIобе щолеб букIана. Таваккалго аскIовеги ун, габур кквезеги хIинкъун, Мурад рахъ-рахъалде валагьулев вукIана, гьечIевищ кумекалъе чийилан ургъулаго.

ХIамида гьеб «махсара» чIалгIанин ккола, гьеб, ракIалдаго гьечIого, къедаса гьоркьеги кIанцIун, лъарахъехун балагьун ана. Хадувго Мурадги векерана. Лъар кIудияб букIинчIо, гьеб бигьаго бахунаан Мурадицаги лъима-

лазги. ХIама лъарал рагIалда лъим гьекъезе бокьараб гIадин лъалхъана. Гьеб бихьарав Мурад цо ганчIида нахъа вахчана.

ХIамица лъеда кIал чIвана, цинги къечон холеб букIараб гIадин лъим гьекъезе лъугьана.

Щиб ургъаниги хIама кквезе кIоларого вугев Мурадида, доб цояб рахъалдаса лъарахъе гIагарлъулев, рохьоса цIулал магьги гьабун, жиндирго хIамаги цебе къотIун вачIунев Мажид вихьана.

КIиябго хIама лъарахъ данделъана, цинги сентIезе байбихьана. Мурад гьаругьинан цевехун вилълъана, Мажидидехун ишан гьабуна хIама кквезе къваригIун бугилан. Гьеб бичIчIана гьесда, цо лахIзаталъ гьес хапан хIамил габур ккуна ва кодоб букIараб квар гьелъул гарбида щула гьабулаго, абуна:

– Ма, кквe Мурад, гьанже гьеб кибего кьуруларо, доле Шамсият - кIодоги яккана къотIносан.

Гьари-рахьи балей Шамсият кIодоги тун, Мурад жиндирго къваригIелалъ къокъана.

Тукаде щолаго, гьас гIарац лъун букIараб кисинибе квер бегьана. Гьениб инсуца кьураб нусго гъуршил кагъат букIинчIо. Мурадида сири бана, гьесул кьер босана, векерун ун, къотIноса-къотIнове, тIокъоде, ахикье, цинги лъарахъе щвана. Кибниги биларав гIарацги батичIого, инсудаса хIинкъарав гьав, рокъове инеги кIвечIого, чердакалде вахана. Вакъизеги вакъун, свакан тату хварав Мурад, чердакалда харида тIад кьижун ккана.

Лъаларо кигIан заман арабали. Гьев ворчIана гIадамазул кIалъайхъуй рагIун. Циндаго гьеcда рагIана гIодулей эбелалъул гьаракь. ТIубанго макьидаса ворчIарав васасда цебе чIана жакъа ккараб лъугьа-бахъин. Мурадида бичIчIана жив валагьулев вукIин эбел-инсуцаги росуцоязги. Гьев гьаругьинан чердакалдаса гъоркье рещтIана. Рукъалъул кIалтIе гIагарлъулев гьав вихьарал мадугьалзаби рохун ахIдана:

– ХIажи, Загьра, гьалегури Мурад, сах-саламатго вуго нужер вас!

Рукъалъул рагьараб нуцIихъа рекерун рачIун гьасда тIад хурхана гIодулаго эбел, хадуб инсуцаги бана къвал.

– Дир вас, дуца ниж хIинкъизарунаха, Аллагьасе щукру, мун чIаго вуго, нижеца мун валагьичIеб бакI хутIичIо, – ян абуна магIу бацIцIунаго эбелалъ.

Инсуца росуцоязе баркала кьуна, цинги васасдехун вуссун абуна:

– Вилълъа дир вас, рокъове, вакъунги ватила, хIамида хадув векердун сваканги ватила.

Инсуца килькаялъул цIарцин бахъичIо, кинабго жо бичIчIараб гIадин.

Мурадица инсуда къвал бана:

– ТIасалъугьа, дада, – ян абуна гьес, цинги эбелалда хадув рокъове жаниве ана.





И.А.КРЫЛОВ

# ГАРЦIГИ ЦIУНЦIРАГИ

КIанцIарухъан ГарцIица
Рииялъ кечI ахIана;
Хасел щвелеблъи лъазе
Заман гьелъул букIинчIо.
Щибаб тIамахалда гъоркь
Рукъги квенги хIадураб
Авлахъалъул кьер ссвана,
Канал къоял лъугIана.
Хасел гьелъие квачги
Ракъиги босун щвана,
Ракъучохьоца гьанже
КучIдул кинан ахIилел.
ЗахIматаб хIал бикьизе
ЦIунцIрадухъе хъурщана:
«Тоге, гьудул, дун гьадин,
РухI щвезе кумек гьабе,
ЛъикIал къоял щвезегIан
ГIорцIизеги гьабе дун,
Рии нахъбуссинегIан
Хинлъизеги биччай дун».
ЦIунцIраялъ гIажаиблъун
Гьелъие суал лъуна:
«Риидал хIалтIанищ мун?
Хасел щвелеблъи лъачIищ?
«Я, дир гьудул, хIалтIизе
Заманищ дир букIараб,
БетIер сверилеб хIалалъ
КочIод ахIдолеб букIун?!»
ЦIунцIраялъ нуцIа къирун,
Къокъаб калам гьабуна:
«Гьунар тIокIаб кочIохъан,
Гьанже кьурдизе а мун!»



# Хириял лъимал!




«Лачен» журнал цIалулел! Исана гьеб журнал гIурус мацIалдаги бахъизе байбихьана. Исана гьелъул тIоцебесеб номер щвана нужер кьерилазухъе. Гьеб къватIибе бачIиналъул рохел тIобитIана Республикаялъул Нурадин Юсуповасул цIаралда бугеб лъималазулгун-гIолилазул библиотекаялда.

МахIачхъала шагьаралъул школазул лъималгун дандчIвазе гьеб библиотекаялде рачIун рукIана Дагъистаналъул халкъиял шагIирзаби, батIи-батIиял мацIазда бахъулеб «Лачен» журналъул редакторал: даргиязул – Аминат ГIабдулманапова, лъарагIазул – Шейит-Ханум Алишева, нугъаязул хъвадарухъан, лъималазул шагIир Анварбег Култаев. ЦIияб, гIурус мацIалда къватIибе бачIараб гьеб журналалъул редактор Марина АхIмадовалъ лъималазе бицана журнал хIадурулеб къагIидаялъул, гьарана жалго лъималги гьеб журналалда гIахьаллъизе, жиде-жидер гьунар-махщел бихьизабизе рачIаян, жидецаго рахъарал сураталги, хъварал кучIдул, харбал, кинал рукIаниги къецазда щварал шапакъаталги журналалдасан цогияздаги лъазабизе нижехъе росун рачIаян. Марина АхIмадовалъ лъималазе журналалги сайгъат гьаруна.

«Соколенок» журналалъул тIоцересел цIалдолез гьалбадерие жиде-жидер рокьулел шагIирзабазул кучIдулги цIалана.

Библиотекаялъул директор Солтанат Загьидовалъ, дандчIваялде рачIаралъухъ ва библиотекаялъе кьурал журналазухъ баркала кьуна.

Гьединалго дандчIваял – тIоцебесеб номералъул байрамал цоги-цоги бакIаздаги тIоритIана. БукIана гьединаб данделъи Хъвадарухъабазул союзалда – Расул ХIамзатовасул букIараб кабинеталда, гьанже бугеб музеялда.



Сабрият ХIАБИБУЛАЕВА

# ГIИСАЛ СУАЛ

ГIиса вуго пашманлъун,
ГIус буго гьасул унтун,
Ургъел буго гьасда чIван
Бахъизе ккелин гьебан.

ГьитIинай яц ПатIида
Лъалилан хIинкъун вуго, -
ХIинкъуч вугилан яцалъ
Абулеблъи лъан буго

Таибат-кIодоцаги
КIудияв инсуцаги
Бихьинчи хIинкъуларин
Къойил абула асда.

ГIисал чарахун буго,
ГIодизе бокьун буго,
ГIадамаца цIукIуран
АхIилин хIинкъун вуго.

Унти дагьлъулеб гьечIо,
Гьав ургъалида вуго:
«Хехго гIусдай бахъила,
ГIодизедай гIодила?»

* * *

МагIазатил катица
ТIанчIи гьарун рагIула,
Бегьилищ, баба, дица
Цо тIинчI рокъой бачине?

Дица гьеб лъикI хьихьила,
БацIцIадго чIезабила,
Цинги кIудияб гIейгун
ГIункIкIал кквезе биччала.



Залму БАТИРОВА

# ГІАЖАИБАЛ ГЪУДУЛ



Цо нухалъ дир гордазда гъоркь гъудузул гІассияб ахІи-хІур бахъана. Къвагъ-къвагъ-къвагъан ахІдолеб букІана цо лъебергониги гъеду. Гьел, цадахъ роржун рачІун, цин гІодорегІан роржун, цинги цодагьал эхедегІан роржун, хъудун, гьез ахІи-хІур багъаризабуна къотІноб. ГІадамал гІажаиблъун, гордалги рагьун, гьезухъ ралагьун, жого бичІчІуларого рукІана. Гъудул хъудулаго тІасан роржунел ругеб гъотІода гъоркь бегун, цо чІегІераб гьвеги бугоан. Гьвеца гъудузул ахІиялъул ургъелго гьабулеб гьечІоан, гьеб паракъат къанщун бералгун кьижун бугоан. Цинги цо кІудияб гІадаб гъеду гьведаса цодагьаб рикІкІад гІодоб рештІана, цо-кІиго гъеду кІудияб гъотІол бищун гІодобегІан бугеб гІаркьалида рештІана, цогидал гъудул тІасан кІудияб тІел гьабун роржунел рукІана. Цо заманалдасан гІодоб рештІараб гъеду, тІамулаго жиндирго галабигун, бегун бугеб гьвеялда аскІобе ана, гьелъул бетІералда гозоги кІутІун, боржун цо гІаркьалида чІана. Кьижараб гьве хІинкъун тІаде борхун бачІана, цинги гъудул цІидасан къвагъ-къвагъги бачунаго, гьвеялда тІасан роржун ана. ХІинкъараб гьве лъутун ана, цинги цо гъедуялъ боржунги бачІун, гьве бегун букІараб бакІалдаса цо дагьаб добегІан харилъ букІараб тІинчІги гозоялъ ккун, боржун ана. Гьеб бихьизегІан гІадамазда бичІчІичІо, я бихьичІо бусадаса харилъеги бортун, боржинеги лъаларого букІараб гъадил тІинчІ. Эбелаб гъадица тІинчІ нахъе бачун индал, нижеда бичІчІана, киналго гъудул кумекалъе ракІарун рукІараблъи. АскІобегІан бугеб гьведа гьеб тІинчІ бихьизе гурилан гьезул букІараб хІинкъи, гьез гьабулеб букІарабщинаб ахІи-хІур. ЦІакъ берцин бихьана гъудузул гьудуллъи, гьезул цолъи, цоцазе кумекалъе бахъулеб жигар. ГІадамазгицин босизе бегьила гьединал хІанчІаздаса мисал.



*(Буйнакск шагьаралъул 6-аб. школалъул цIалдохъаби)*

## Авар мацIалъул мугIалимзабазе

Ассалам гIалайкум, магIарул миллат,
МагIарул мацIалъул мугIалимзаби.
ГIагараб мацIалде рокьи дилъ лъурал
Гьуинаб рахьдал мацI дида малълъарал.

Ракьалда чIаго дун йигейгIан мехалъ,
Нуж разилъиледухъ лъела дица хIетI
Баркала гIакъилал нужер дарсазухъ,
Дица гIумруялъ гьел цадахъ росила.

Нилъей умумуца ирсалъе тараб,
ГIасрабаца цIунун нахъе хутIараб.
Берцинаб, гьуинаб эбелалъул мацI
ЦIунила дицаги хазина гIадин.



*Салимат ГIадуева, 7 класс.*

## Эбелалде

Дие бокьун буго, хирияй эбел,
Цо берцинаб калам дуде гьабизе.
КочIол рагIабаца асирги гьаюн,
Гьими дур беразда рещтIинабизе.

Дие гIумру кьурай, гIезе гьаюрай
ЛъикIабщиналде дун кантIизаюрай.
Хирияй, гьаб дунял бугебгIан мехалъ
ХутIаги кидаго нижеда цадахъ.

Дур адаб тараб жо дихъа ккеларо,
Намус басралъизе дун йикIинаро
Дуца малъаралда нахъйилълъун хьвади
Дица гIумруялъго цадахъ босила....

ЦIуне, лъимал, эбел, гьей цохIо йиго,
ТIинкIизе биччаге бадиса магIу.
Квешалдаса цIунун, лъикIалде рачун
Гьелъул дугIаялъ нилъ цIунун хутIаги.



*А. МухIамадова, 11 класс.*

# Дир гъудул

Дир йиго цIакъай гъудул
ЦIарги гьелда Аида.
Ниж кIиялго цоцазе
ЯцалгIанги рокьула.

Школалдеги нахъеги
КIиялго цадахъ уна.
Рокъоре щун хадубги
Цоцазухъе хьвадула.

ГIамал гьелъул берцинаб,
Гьими гьелъул гвангъараб.
Щиб дий къваригIаниги,
Къойил гьей дий ятула.

Дие гьей цIакъ йокьула,
Гьелъий дунги йокьула.
Дир гIадай цIакъай гьудул
Кийниги ятиларо.

Гьелъул эбел-инсуе
Азарабго баркала.
Гьединай лъикIай гьудул,
Дие гIезаюралъухъ.



*Шамай МухIамадова, 5 «А» класс.*

# Рекъел

Дие зоб бокьула
РоцIун букIине.
Зодор ругел цIваби
КунчIун рукIине.

Дий хIанчIи рокьула
ТIад роржанхъизе,
Рекъел, рекъелилан,
Гьел чIирчIидизе.

Рекъелги гьарула,
Гьаб дунялалда
Дадагин бабагин
Цадахъ рукIине.

Биччанте гьаб дунял
Гвангъун букIине,
Бакъги жакъа гIадин
Къалъун букIине.

Гьудуллъиялъ халкъал
ГIагар гьарураб,
ГIумру аваданаб
Дунял букIине.




*З. Байсолтанова, 8 «А» класс.*




Соколёнок

ISSN№0203 - 3682

# Лачен

3/2017

май - июнь

**Иллюстрированный детский журнал. Издается один раз в два месяца.**

**Учредитель:**
**Министерство печати и информации РД.**

**Регистрационный номер ПИ №ТУ05-00348 от 01.12.2016г. выданный управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан.**

**Издается с января 1980 г.**



**Главный редактор**
**Мурад Ахмедов**

**Редколлегия:**
**А. МАЛАЧИЕВА (редактор выпуска)**
**М. АХМЕДОВ**
**М. АБДУЛХАЛИМОВ**
**М. БАРТИХАНОВ**
**Т. ЗУРГАЛОВА (ответ. секретарь)**
**М. ПАТАХОВ**
**Г. ХАБИБОВ**

**Худ. редактор З.Даганов**
**Тех.редактор Т. Лузина**
**Художник номера М. Муталибов**
**Оформление обложки З.Даганов**



**Выход в свет 7.07.2017 г.**
**Тираж 1213 экз.**
**Заказ № 69**

**Типография: ООО «Издательство «Феникс пресс».**
**Адрес типографии: 367018, РД, г.Махачкала, ул. Петра I, 61.**

**Редакция и издатель: Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколенок» и «Литературный Дагестан»**

**Адрес редакции и издателя: 367025, РД, г.Махачкала, ул. Даниялова, 55.**

**Электронный адрес редакции:**
**litdag@mail.ru**

**Аварский язык**
**Индекс: на год - 63277,**
**на полугодие - 73902.**

**Цена свободная.**